दिन–शनिवार दिनांक–14.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार घर, अस्पताल, शिक्षण संस्थान आ आन आवश्यक सेवा सभ कँ निर्बाध ईंधन आपूर्तिक आश्वासन देलक अछि। रिफाइनरी सभ मे घरेलू एलपीजी उत्पादन मे तीस प्रतिशत सँ बेसी केर वृद्धि कयल गेल अछि। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा जनौलनि जे उपभोक्ता लोकनि कँ प्राथमिकताक आधार पर वितरण लेल राज्य सरकार सभ कँ व्यावसायिक एलपीजी सिलेंडर उपलब्ध कराओल गेल अछि। ओ जनौलनि जे घरेलू पीएनजी आ वाहन सभक लेल सीएनजी केर आपूर्ति बिना कोनो कटौतीक सुनिश्चित कयल जा रहल अछि। सभ खुदरा विक्रेता लोकनि कँ ईंधन वितरणक दरमियान दिशा–निर्देशक सख्ती सँ पालन करबाक निर्देश देल गेल अछि आ कोनहुं उल्लंघन पर कड़गर कार्रवाई कयल जायत।

---

राज्य सरकार एलपीजी वितरण सँ संबंधित समस्या सभक समाधान लेल राज्य स्तरीय नियंत्रण कक्ष केर स्थापना कयलक अछि। खाद्य आ उपभोक्ता संरक्षण विभागक तहत गठित नियंत्रण कक्ष केर टेलीफोन नंबर अछि– **शून्य छओ एक दू – दू दू तीन तीन शून्य पाँच शून्य।** एहि टेलीफोन नंबर पर उपभोक्ता भोर सात बजे सँ राति नओ बजे धरि एलपीजी केर उपलब्धता, वितरण या एहि सँ संबंधित कोनो प्रकारक समस्या आ शिकायत दर्ज करबा सकैत छथि। एहि बीच, प्रदेश मे रसोई गैसक कालाबाजारी केर खिलाफ कार्रवाई तेज कऽ देल गेल अछि। मोतिहारीक ईदगाह रोड स्थित मठिया जीरातक एकटा जेनरल स्टोर मे पुलिस छापेमारी कऽ गैस सिलेंडरक रिफिलिंग करैत दुकानदार कँ गिरफ्तार कयलक अछि। मौका पर तीनटा गैस सिलेंडर बरामद कयल गेल।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक समृद्धि यात्राक तेसर चरण आइ समाप्त भऽ गेल। श्री कुमार यात्राक आइ अंतिम दिन बेगूसराय जिला मे लगभग दू सय चौहत्तरि करोड़ टाकाक लागति

वला चारि सय दू विकास परियोजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। ओतहि, ओ शेखपुरा मे दू सय छओ करोड़ टाकाक लागति वला तीन सय सोलह विकास परियोजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। एहि अवसर पर आयोजित जनसंवाद मे मुख्यमंत्री कहलनि जे पछिला दू दशक मे स्वास्थ्य, शिक्षा, रोजगार आ आधारभूत संरचना निर्माण सन क्षेत्र मे राज्य उल्लेखनीय प्रगति कयलक अछि। श्री कुमार कहलनि जे सड़क संपर्क नीक भेल अछि, जाहि सँ राज्यक कोनहुं कोन सँ लोक आब पाँच घंटाक भीतर पटना पहुँच सकैत छथि। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार अगिला पाँच बरख मे एक करोड़ लोक कैँ नौकरी आ रोजगार देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री कुमार कहलनि जे सरकार लोक सभक जीवन कैँ सुगम बनेबाक दिशा मे लगातार काज कऽ रहल अछि। सामाजिक सुरक्षा योजनाक तहत पेंशनक राशि चारि सय टाका सँ बढ़ा कऽ एगारह सय टाका कऽ देल गेल अछि।

---

सेवानिवृत्त लेफ्टिनेंट जनरल सैयद अता हसनैन आइ बिहारक तैंतालीसम राज्यपालक रूप मे शपथ लेलनि। लोक भवन मे आयोजित समारोह मे पटना उच्च न्यायालय केर मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति संगम कुमार साहू हुनका पद आ गोपनीयताक शपथ दिऔलनि। समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा समेत आन गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

---

बिहार मे राज्यसभाक पाँच सीट सभक लेल होयवला चुनाव के लऽकऽ बैसकक सिलसिला चलि रहल अछि। आइ पटना मे राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहाक आवास पर एनडीए केर घटक दलक बैसक भऽ रहल अछि। बैसक मे सोलह मार्च के होयवला मतदान के लऽकऽ मुख्य रूप सँ चर्चा कयल जा रहल अछि। एम्हर, आइ पटने मे भाजपा कोर कमिटीक सेहो बैसक भेल पार्टीक वरिष्ठ नेता आ मंत्री दिलीप जायसवाल जनौलनि जे बैसक मे चुनावक रणनीति पर मुख्य रूप सँ चर्चा कयल गेल।

---

पटना उच्च न्यायालय समेत प्रदेशक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालत केर आयोजन कयल गेल। लोक अदालत मे आपसी समझौताक आधार पर विभिन्न प्रकारक

दीवानी आ किछु प्रकारक आपराधिक मामिला सभक निबटारा कयल गेल। लोक अदालत मे बैंक ऋण, बिजली वाद, वाहन दुर्घटना बीमा आ श्रमवाद सन मामिला आपसी सहमतिक आधार पर निष्पादित कयल गेल।

---

केन्द्र सरकार यू–ट्यूब पर प्रसारित एकटा वीडियो केर खंडन कयलक अछि, जाहि मे दावा कयल गेल अछि जे सरकार पीएम लैपटॉप योजनाक तहत सभ छात्र लोकनि कैँ मंगनी मे लैपटॉप वा पच्चीस हजार टाकाक वित्तीय सहायता प्रदान कऽ रहल अछि। पत्र सूचना कार्यालयक तथ्य जाँच इकाई जनौलक जे वीडियो मे कयल गेल दावा फर्जी अछि। इकाई जनौलक जे केन्द्र सरकार वर्त्तमान मे एहन कोनो योजना नहि चला रहल अछि।

---

अररिया जिलाक आरएस थाना क्षेत्र अंतर्गत मुरबल्ला नहर चौक लऽग पुलिस वाहन जाँचक दरमियान बीस लाख टाका मूल्यक डेढ किलो स्मैक संग एकटा तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार तस्कर पश्चिम बंगालक रहयवला अछि।

---

समाप्त भेल